

RINGKESAN

Risma Riyanti Ahadiyat. 2025. *Panerapan Web-based Dumasar Kana Multiple Representation Dina Materi Sistem Imun Pikeun Ningkatkeun Hasil Diajar Dina Ranah Kognitif*. Pembimbing I: Prof. Dr. H. Toto Sutarto Gani Utari, M.Pd. Pembimbing II: Cita Tresnawati, M.Pd.

Pangajaran abad ka-21 geus ngamangpaatkeun teknologi digital dina proses diajar jeung ngajar. Sanajan kitu, dina pangajaran biologi, media nu di pake masih keneh kurang epektip jeung interaktif, sahingga ngabalukarkeun hasil diajar peserta didik jadi kurang optimal. Tujuan tina panalungtikan ie nya eta pikeun nyaho kana paningkatan hasil diajar dina ranah kognitif peserta didik dina materi sistem imun sanggeus dilaksanakeun media web-based nu dumasar kana multiple representation. Metode nu dipake nya eta pre-eksperimen kalayan desain One Group Pretest-Posttest. Populasi panalungtikan ieu nyaeta peserta didik kelas XI-5 di SMA Negeri 23 Bandung kalayan jumlah sampel 36 urang nu ditangtukeun make teknik purposive sampling. Instrumen nu dipake nyaeta tes pilihan ganda anu jumlahna 25 soal. Hasil panalungtikan nunjukkeun nilai rata-rata pre-test 75 jeung post-test 96, kalayan nilai N-Gain 0,78 dina kategori luhur, sarta nilai signifikasi 0,05 nu nunjukkeun ayana pangaruh nu signifikan kana paningkatan hasil diajar dina ranah kognitif ti C1 nepi ka C4. Ie nunjukkeun yen pamakean media web-based dumasar kana multiple representation nu ngagambarkeun unsur gambar, video, diagram, tabel jeung model 3D bisa mantuan peserta didik dina nginget informasi, nyambungkeun jeung ngajelaskeun harti tina informasi nu diala, ngalarapkeun pamahaman konsep, sarta nguraikeun jeung nyambungkeun deui kana konsep-konsep nu geus dipelajari sacara leuwih jero.

Kecap Konci: Web-based, Multiple Representation, Hasil diajar kognitif